

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Hasil panalungtikan anu dilaksanakeun di kelas XI IPA 3 SMA Pasundan 8 Bandung Taun Ajaran 2010/2011 minangka hasil panalungtikan kuasi ékspérimén kalawan desain panalungtikan (*the one group pretest-posttest*). Tina hasil déskripsi jeung analisis hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun bisa dicindekkeun yén média pilem éfektif pikeun digunakeun dina pangajaran nulis carita pondok siswa kelas XI IPA 3 SMA Pasundan 8 Bandung taun ajaran 2010/2011.

Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap diécéskeun deui kacindekan tina hasil ieu panalungtikan.

- 1) Kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI IPA 3 SMA Pasundan 8 Bandung taun ajaran 2010/2011 saméméh ngagunakeun média pilem téh dumasar kana rata-rata peunteun anu dicangkingna nya éta 67,33. Siswa anu dianggap can mampuh nulis carita pondok dina pratés téh aya 33,33% kalawan rata-rata peunteun 59. Sabada ngagunakeun média pilem, sakabéh siswa (100%) mampuh nulis carita pondok kalawan rata-rata peunteun 78,63.
- 2) Aya bédha anu signifikan antara kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI IPA 3 SMA Pasundan 8 Bandung taun ajaran 2010/2011 saméméh jeung sabada ngagunakeun média pilem. Éta hal bisa katitén tina ayana bédha antara hasil diajar siswa, boh tina rata-rata aspék anu dipeunteun, boh rata-rata

peunteun, boh perséntase peunteun. Saméméh ngagunakeun média pilem, aya 33,33% siswa anu can mampuh nulis carita pondok. Anapon siswa anu geus mampuh nulis carita pondok kalawan katégori cukup téh aya 66,67%. Dina pratés, can aya siswa anu mampuh nyangking katégori alus. Sedengkeun dina postés, aya 23,33% siswa anu geus mampuh nulis carpon kalawan katégori alus, jeung 76,67% siswa séjenna geus mampuh nulis carpon kalawan katégori cukup.

- 3) Média pilem éfektif pikeun digunakeun dina pangajaran nulis carita pondok. Éta hal kabukti tina ningkatna hasil diajar siswa, boh tina rata-rata aspék anu dipeunteun, boh rata-rata peunteun, boh perséntase peunteun. Sabada ngagunakeun média pilem, rata-rata aspék anu dipeunteun téh ningkat; aspék eusi carpon ningkat 14,25%, aspék imajinasi ningkat 16,75%, aspék tokoh jeung penokohan ningkat 16,75%, aspék plot galur ningkat 7,5%, aspék hubungan antar pada ningkat 5%, aspék mékanik ningkat 9%, sarta aspék gaya ningkat 10%. Salian ti rata-rata aspék, rata-rata peunteun jeung peréntase peunteun anu dihontal ku siswa ogé ningkat, nya éta 11,32%.

5.2 Rékoméndasi

Sabada diayakeun panalungtikan ngeunaan éfektivitas média pilem dina pangajaran nulis carita pondok, aya sababaraha rékoméndasi tina ieu hasil panalungtikan, di antarana:

- 1) kagiatan panalungtikan kudu ditataharkeun ti anggalna sarta diriksakeun deui saméméh prungna panalungtikan, hususna anu patali jeung masalah téknik; misalna aliran listrik, sangkan teu ngaganggu kana prosés panalungtikan;

- 2) waktu dilaksanakeunana panalungtikan diusahakeun dina jam éféktif, sangkan siswa bisa fokus salila kagiatan panalungtikan lumangsung;
- 3) pangajaran nulis carita pondok kalawan ngagunakeun média pilem bakal leuwih éféktif saupama siswa saméméhna dikondisikeun di tempat anu merenah kalawan posisi diuk anu rapih;
- 4) guru kudu bisa ngarahkeun siswa dumasar kana léngkah-léngkah kagiatan pangajaran anu saméméhna geus dirarancang dina silabus jeung RPP;
- 5) situasi KBM anu kondusif jeung pikaresepeun kudu salawasna dijaga sangkan siswa bisa leuwih gampang jeung resep diajar nulis carita pondok; sarta
- 6) dipiharep aya panalungtikan anu leuwih daria ngeunaan larapna média pilem dina pangajaran nulis carita pondok atawa pangajaran lianna kalawan ngagunakeun média pangajaran séjén.